

Chè Rezidan Lojman Piblik yo,

Nou ta renmen mete w okouran osijè etap Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) te pran pou ede soulaje difikilte finansyè rezidan lojman leta yo gendwa sibi pandan eta dijans nan Vil New York City akòz Kowonaviris (COVID-19) la:

NYCHA ap **sispann degèpisman rezidansyèl yo** pandan tout tan Vil la nan yon eta dijans.

**NYCHA ankouraje tout fwaye kay yo ki sibi yon pèt revni pou yo jwenn aksè nan pwogram moun moun ki gen difikilte pou peye lwaye nou an.** Ou gendwa kalifye pou yo bese lwaye w si tout kondisyon ki anba la yo reyini:

- Gen omwens yon bès 5% nan revni brit moun nan kay la;
- Lwaye kounye a plis pase 30% revni tout moun nan kay la ansanm aprè yo retire taks yo; epi
- Bès nan revni a te dire pandan omwens 2 mwa.

Rezidan yo gendwa mande yon bès nan lwaye a, lè yo konplete yon Re-sètifikasyon Enterimè sou Pòtay Sèlf-Sèvis (Self-Service Portal) NYCHA an nan <https://selfserve.nycha.info> oubyen si yo rele Biwo Administrasyon Pwopriyete yo an pou mande pou yo voye nan kourye lapòs yon fòm papye ba yo.

Si moun lakay ou pèdi tout revni yo nèt, ou gendwa kalifye pou Politik Zewo Revni Zewo Revni NYCHA an; tanpri rele biwo administrasyon pwopriyete w lan pou w kapab patisipe nan entèvyou kalifikasyon ki obligatwa a.

Kòm rapèl, rezidan lojman peta yo gen 8 fwayon pou peye lwaye, pa egzanp nan kourye lapòs, nan MyNYCHA, sou Entènèt, nan yon bank oubyen yon mityèl kredi (credit union), nan telefòn ak plis fason toujou. Al gade nan [on.nyc.gov/payrent](https://on.nyc.gov/payrent) pou jwenn plis enfòmasyon.

NYCHA ap kolabore ak Vil la, Eta a ak patnè federal yo pou siveye COVID-19 la ak enpak li sou Ajans Lojman an, epi pou n fè sa nou kapab pou kenbe rezidan ak anplwaye nou yo an sakirite epi pwoteje byennèt yo. Nou pral kontinye ba w mizajou osijè COVID-19 la, lè nou resevwa plis enfòmasyon. Si ou gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon, tanpri rele Sant Kontak ak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) an nan 718-707-7771.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade sit Wèb NYCHA an nan [nyc.gov/nycha](https://nyc.gov/nycha).

Mèsi pou kowoperasyon w.